

## **AMATEKA**

Uyu munsi igenekerezo rya 16 Kigarama umwaka w'2025,Imyaka 110 irarangije Umwami  
**MWAMBUTSA\_IV\_BANGIRICENGE**  
Yimye(Ashikiriye ingoma)

Hari kw'igenekerezo rya 16 kigarama umwaka w'1915 ah inyuma yaho Se wiwe MUTAGA IV MBIKIJE atangiye. Akaba yari afise imyaka 3 gusa.Akaba yaciye aba arafashwa n abashingantahe hamwe n abandi .

Ivyaranze Ubwami bwa MWAMBUTSA IV  
**BANGIRICENGE:**

1.Yarongoye uburundi mugihe c ubukoloni:Yasanzeho abadagi,hanyuma haciye umwaka ,mu 1916 ababiligi baba barashitse.

2. Ubwami bwiwe bwarashikanye uburundi kuntahe yo kwikukira mu 1962

3.Yabaye umwami atwaye uburundi bwikukiye

4.Ubwami bwiwe bwahavuye butembagazwa mu 1966 n akarwi k intagondwa bari buzuye amohe ya bakavantara ,maze bashinga icitwa republica

Mwambutsa yahavuye aja kwivuza muri suisse maze ntivyakunda ko agaruka kungoma kuko yatanze mu 1977.

**UBWENGE N UBUTORE VYARANZE ABASHINGANTAHE BO KURI MWAMBUTSA**

Ntibiba vyoroshe kubana n abazungu bisaba ko uhitamwo kwita canke ukiga imikenyuro yokubana nabo kuko uvuyuye umutwe baca bawuca.

Ni benshi bama bavuga ko Mwambutsa yafadikanije n abazungu.Ibi bivugwa n abana b ubu kuko bahishijwe amateka ya basokuru bacu kuko kuva intwarz ya kavantara republica ishitse yihutiye kwibagiza abarundi amateka yabo ya ba Sekuru babo.Murabona aho vyatugejeje.

Yakoreshje politique ya NGENZEMAKE ahubwo yihutira gutegura incabwenge zizoharanira iteka n itekane ry Uburundi.Ntivyatevye mwarabonye ko kuva mu 1959 urugamba rwo guhabuza intahe yo kwikukira rwaciye rutangura kandi abarundi bakarutsinda mu 1962.Iyo politique abize bayita "Stratégie\_de\_survie\_politique"

Iyi politique yamufashije kubandanya aganza yo abashingantahe bagumana ijambo, abarundi baguma mumahoro,baguma barima amasaka... Vyatumye ingoma idasenyuka



Iyi politique kandi yafashije MWAMBUTSA yogukorana n abazungu mubwumvikane atagukengerana kuko Mwambutsa ntavyo yahomvye nk abantu canke ubutaka...ivyo vyafashije abarundi kuguma mubumwe.

Ivyo vyari UBUDASA mukarere kuko:

Muri Congo hari indyane zidasanzwe  
Mu Rwanda haciye haba ukuryana no kwomorana  
Muri Uganda haciye haba indyane z amoko n uburerere.

Twahomvye iki:

Haciye haba intwaro zijegajega kuko abarundi batigeze batahura izo ntwaro za kavantara bise "republica"

Kubera ivyo twagumye muma "coups d'État" y'urutavanako

Ivyo vyose vyatuvyariye kandi intambara z'urudaca...aho kwiyumvira iterambere, imitima yama mukirere ko ibintu bigira bisubire kuyangara.

Mwambutsa akaba yari gusubirirwa na Samuragwa Ntare V. Bikaba bitakunze kubera kakarwi k inkorabara kasenyura ingoma n ubundi kagarutse kakica Ntare V , ariwe Ndizeye Charles.

### Traduction :

Aujourd’hui, en date du **16 décembre 2025**, cela fait **110 ans** que le roi **MWAMBUTSA IV BANGIRICENGE** est monté sur le trône (a accédé à la royauté).

C’était le **16 décembre 1915**, après le décès de son père **MUTAGA IV MBIKIE**. Il n’avait alors que **3 ans**. Il fut aussitôt assisté par les **Bashingantahe** (notables) ainsi que par d’autres conseillers.

### Les faits marquants du règne de MWAMBUTSA IV BANGIRICENGE :

1. Il a dirigé le Burundi durant la période coloniale : il a d’abord connu la présence allemande, puis, un an plus tard, en **1916**, les Belges sont arrivés.
2. Son règne a conduit le Burundi jusqu’à l’accession à l'**indépendance en 1962**.
3. Il a été **roi d’un Burundi indépendant**.
4. Son royaume a été renversé en **1966** par un groupe d’extrémistes issus des milieux gouvernoraux, qui ont instauré ce qu’ils ont appelé une **république**.

Mwambutsa est ensuite parti se faire soigner en **Suisse**, mais il n’a jamais pu revenir au pouvoir, car il est décédé en **1977**.

### La sagesse et la bravoure des Bashingantahe sous Mwambutsa

Il n’est pas facile de cohabiter avec les colonisateurs : il faut soit accepter, soit apprendre les stratégies de coexistence, car au moindre faux pas, on vous élimine.

Beaucoup accusent Mwambutsa d'avoir collaboré avec les colonisateurs.

Ces propos viennent surtout des générations actuelles, à qui l'on a caché l'histoire de nos ancêtres. En effet, dès l'instauration du régime républicain, on s'est empressé de faire oublier aux Burundais l'histoire de leurs aïeux. On voit aujourd'hui où cela nous a menés.

Il a appliqué une politique dite **NGENZEMAKE**, tout en préparant rapidement une élite intellectuelle chargée de défendre l'honneur et la stabilité du Burundi.

Cela ne tarda pas : dès **1959**, la lutte pour l'indépendance a commencé, et les Burundais l'ont remportée en **1962**.

Les politologues qualifient cette approche de « **stratégie de survie politique** ».

Cette politique lui a permis de continuer à gouverner en maintenant l'autorité des Bashingantahe, la paix entre les Burundais, et la continuité de la vie quotidienne (les gens cultivaient le sorgho...). Cela a empêché l'effondrement de la monarchie.

Elle a également permis à Mwambutsa de collaborer avec les colonisateurs dans un esprit de compréhension mutuelle, sans confrontation, car il ne revendiquait ni personnes ni terres. Cela a contribué à préserver l'unité nationale.

### **Une situation exceptionnelle dans la région, car :**

- Au **Congo**, des conflits graves ont éclaté ;
- Au **Rwanda**, il y eut des massacres et des violences extrêmes ;
- En **Ouganda**, des conflits ethniques et de pouvoir ont surgi.

### **Ce que nous avons perdu :**

Des régimes instables se sont succédé, car les Burundais n'ont jamais réellement compris ces gouvernements issus du système colonial qu'on a appelés « républiques ».

De ce fait, nous avons enchaîné des **coups d'État** successifs.

Tout cela a engendré des **guerres interminables**, au lieu de se concentrer sur le développement ; les esprits restaient constamment dans l'angoisse d'un retour au chaos.

Mwambutsa devait être succédé par **Samuragwa Ntare V**, mais cela n'a pas été possible à cause d'un petit groupe de traîtres qui a détruit la monarchie, avant de revenir assassiner **Ntare V**, de son vrai nom **Ndizeye Charles**.